

Vin yon Vandè Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl



Reyadaptasyon Pwofesyonèl
ede moun ki kalifye ki
gen andikap fizik oswa
mantal jwenn oswa konsève
yon pi bon travay.

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) gen sèt (7) sektè ak 96 biwo lokal nan tout eta Florida a pou ede moun ki gen andikap jwenn karyè enteresan. Pwogram VR ofri Sèvis sa yo, san se pa yo sèlman:

- Sèvis pou Moun ki Soud, Moun ki Tande Di ak Moun ki Soud epi ki Avèg
- Tranzisyon Jèn
- Travay Asiste, ak
- Tikè pou Ou Travay

Kisa yon Vandè ye?

Yon vandè se yon moun oswa yon antrepriz ki bay kliyan VR sèvis nan objektif fè yo jwenn travay. Sèvis sa yo se kapab sèvis medikal, posiblite fòmasyon ak/oswa ekipman espesyalize, pou n site sa yo sèlman.

Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl

- Evalyasyon ak Planifikasyon Pwofesyonèl
- Konsèy ak Oryantasyon Pwofesyonèl
- Ankadreman Pwofesyonèl
- Plasman Pwofesyonèl
- Fòmasyon nan Espas Travay
- Fòmasyon ak Ansèyman Aprè Lekòl Segondè
- Evalyasyon Espas Travay ak adaptasyon
- Sèvis Travay Asiste ak Pèsonalize
- Sèvis Tranzisyon Avan Travay
- Teknoloji ak Aparèy Èd
- Evalyasyon Medikal ak Sikolojik, ak
- Tretman Medikal ak/oswa Sikolojik ki Limite nan Tan



FLORIDA DEPARTMENT OF
EDUCATION
fldoe.org



Kembe epi Renouvle

Lèt apwobasyon ou an gen ladan dat ekspirasyon ak egzijans pou kontinye kòm yon vandè apwouve.

Enskri sou MyFloridaMarketPlace

Enskri sou sistèm apwovizyonman elektwonik eta Florida a sou Vendor.MyFloridaMarketPlace.com.

Rankontre Pèsonèl nan Biwo Lokal

Kòm yon nouvo vandè, prezante tèt ou nan biwo lokal VR ou yo ak yon apèsi sèvis ou ofri yo. Biwo lokal ou yo ap ba w detay sou kijan yo otorize sèvis. VR pa garanti rekòmandasyon.

Apwouve kòm Vandè

Lè yo apwouve aplikasyon ou an, y ap voye yon lèt apwobasyon ba ou pa imèl. Selon tip pwofesyonèl la, pwosesis aplikasyon an pran de (2) a douz (12) semèn. Analis ki responsab Anrejistreman Vandè a ap endike w delè yo prevwa pou trete dosye a epi l ap kontinye enfòmè ou pandan tout pwosesis la. Lèt apwobasyon w lan ap endike metòd ak dat ekspirasyon anrejistreman an.

Etap pou Ou Vin yon Vandè Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl

Enskri epi Voye W-9

Enskri sou pòtay vandè Eta Florida a sou FLVendor.MyFloridaCFO.com. Ranpli epi voye yon Fòm Sibstitisyon W-9 ak yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab. De (2) fòm obligatwa sa yo kapab antre nan deklarasyon 1099.

Aplike pou Reyadaptasyon Pwofesyonèl

Ale sou RehabWorks.org. Klike sou onglè Vandè.

- Jwenn pwofesyon ou nan Liv Kalifikasyon Vandè a.
- W ap jwenn kalifikasyon ak dokiman ki nesèsè pou w soumèt yo nan ribrik pwofesyon ou.
- Ranpli Aplikasyon Vandè VR ki apwopriye a.
- Voye Aplikasyon Vandè ou ranpli a ansanm ak pyès jistifikasyon yo pa lapòs, imèl oswa faks.

Remak: Vandè resevwa pèman apati sistèm Florida Accounting Information Resource (Resous Enfòmasyon Kontab Florida, FLAIR) a. W ap jwenn enfòmasyon konsènan pèman sou sit Flair.dbf.state.fl.us. Si ou bezwen modifiye kowòdone ou yo, se yon pwosesis an de (2) etap. Premyèman, ale sou sitwèb MFMP a epi voye yon Demann Mizajou konsènan Enfòmasyon sou Vandè. Aprè sa, ale sou RehabWorks.org epi voye yon Fòm Demann Mizajou konsènan Enfòmasyon sou Vandè.

Kontakte Reyadaptasyon Pwofesyonèl



850-245-3401



850-245-3394



VRVendors@
vr.fldoe.org



www.RehabWorks.org



Division of Vocational Rehabilitation
Vendor Registration Unit
325 W. Gaines St., Suite 1144
Tallahassee, FL 32399-0400

Anrejistreman sou Mache



866-580-7438



VendorHelp
@MyFlorida
MarketPlace.com



MyFlorida
MarketPlace.com



850-413-5519



FLW9@
myfloridaCFO.com



FLVendor.
MyFlorida
CFO.com



850-412-4503



BGScreen
@ahca.
myflorida.com



apps.ahca.
myflorida.com/
SingleSign
OnPortal

Depatman Edikasyon Florida a, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Vocational Rehabilitation, VR) se yon patwon ki respekte prensip egalite chans. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye federal, diskrimine moun nan Etazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa konviksyon. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis la, tout sèvis ann aprè ak tout pwosesis VR la koube anba egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis èd ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR resevwa 78.7 pousan nan finansman li apati yon sibvansyon Depatman Edikasyon Ameriken an. Pou ane fiskal federal 2021 an, montan total sibvansyon yo bay yo te rive \$176,836,896. Kredi Eta Florida te finance rès 21.3 pousan nan pri a (\$47,860,557). Yo revize li ann oktòb 2021.